# KONTNI - MENSAJ SWEN PÈSONÈL

CR

© 2015.0083 / 003 06 2023



Cruz Roja Española | IFRC | CICR

## Enfòmasyon itil

1 **Avan ou sòti, chache enfòmasyon sou wout la, distans, mwayen transpò, akomodasyon san danje ak klima sou wout la.** Epitou chache nimewo telefòn konsila peyi w yo ak lòt enstitisyon nan ka gen nesesite pou w mande èd.

Sonje ke sou wout la w ap **jwenn klima diferan,** pafwa, ekstrèm. Prepare w ak rad apwopriye epi pran prekosyon avan risk ki posib yo, tankou prezans bèt danjere.

2 Pou sekirite w, pa bay enkoni enfòmasyon sou: vwayaj oswa sou fanmi w, si w genyen fanmi oswa zanmi nan Etazini, oswa si gen yon moun k ap sipòte w sou plan ekonomik. **Mansyone sa gendwa mete w nan gwo danje epi fè yo fè pwofitè sou ou.**

3 **Si ou genyen telefòn selilè, pa prete moun ou pa fè konfyans li.** Si yon moun mal sèvi ak kontak ou yo li gendwa mete w an danje.

4 **Vwayaje lajounen ak an gwoup ou ka fè konfyans gendwa gen mwens danje,** sitou pou fanm. Si sa posib, **pa separe w de gwoup ou a.**

5 **Jwenn kote ki an sekirite pou pase nwit lan,** dòmi nan lari a trè danjere. Vwayaje ak yon lanp.



6 **Gen anpil danje sou wout la.** Moun k ap fè pwofitè ak vòl se bay komen, sa ki gen ladann vwayaje nan tren oswa lòt transpò. **Toujou siveye zafè pèsonèl ou.**

7 **Si otorite yo arete ou, rete kalm,** koute enstriksyon yo.

8 Kite yon kopi oswa foto dokiman ofisyèl ou nan **men yon moun ou fè konfyans nan peyi w ak yon foto resans ak/oswa anprent dijital ou, fè menm bagay la pou timoun k ap vwayaje avè w yo.**

9 **Si w swete retounen nan peyi w nan fason volontè, rele oswa ale nan Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OEM) +52 55 1910 5599 o +52 55 2690 4314. Yo genyen yon pwogram retou volontè asiste. Èd sa a gratis.**

## Konnen dwa pa ou

1 Kèlkeswa sitiyasyon migratwa w, **ou genyen plizyè dwa, tankou aksè gratis ak sante piblik, ak edikasyon, ak jistis, ak anrejistreman nesans, maryaj oswa lanmò.** Pèsonn pa ka anpeche w jwenn aksè ak dwa sa yo.

2 Si otorite yo arete w paske w pa genyen dokiman migratwa, kèk nan dwa w genyen yo se:

- **resevwa enfòmasyon klè nan lang ou sou pwosesis la ak sou dwa w yo,**
- **konnen kote w ye a ansanm ak règleman li yo,**
- **resevwa asistans legal,**
- **jwenn atik pou lijyèn pèsonèl,**
- **atansyon medikal,**
- **dlo ak twa repa pa jou,**
- **kominike ak fanmi w oswa resevwa vizit nan men yo ak reprezantan legal ou.**

Pandan tout peryòd la yo dwe trete w ak diyite. Pa siyen okenn dokiman san yo pa eksplike w sa ki ladann ak konsekans si w siyen li.

3 Lè w soti nan detansyon oswa retounen nan peyi w, **otorite yo dwe remèt ou byen pèsonèl ou yo.**

4 Si w pè retounen nan peyi w paske lavi w an danje, I ap enpòtan anpil pou w mande pwoteksyon antanke refijye pou evite yo voye w tounen. Pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis la, ou ka apwoche otorite yo oswa pèsonèl abri yo, UNHCR, ICRC oswa Lakwa Wouj.

5 **Si ou se yon viktim oswa temwen yon krim nan Meksik,** ou gen dwa pou yo kòmanse yon pwosesis regilarizasyon pou rezon imanitè, jwenn konsèy legal, epitou jwenn asistans medikal. Enpòtan: pou jwenn aksè ak dwa sa a, w ap bezwen rapòte sa ki te pase. Si ou twouve w nan sitiyasyon sa a, chache enfòmasyon nan Komisyon Egzekitif Atansyon pou Viktim (Comisión Ejecutiva de Atención a Víctimas, CEAV): **+52 55 1000 2000**



6 Nan Meksik, sèl Enstiti Nasyonal Migrasyon dwe mande pou verifye sitiyasyon migrasyon w. Okenn lòt otorite pa ka mande pou revize dokiman ou oswa si otorite imigrasyon an pa la. Si w genyen dout sou tretman otorite yo, ou ka rele Komisyon Nasyonal Dwa Moun:**+ 52 55 5681 8125**

7 Lwa Meksiken entèdi detansyon timoun ak adolesan ak fanmi yo nan Estasyon Imigrasyon. Yo dwe voye yo bay enstitisyon ki responsab pou anfans yo ansanm ak fanmi yo.

## Kenbe kontak af fanmi ou yo

1 Pandan vwayaj **ou a rele fanmi w, ba yo enfòmasyon sou:**

- **non egzat kote w ye a,**
- **ak kiyès w ap vwayaje,**
- **ki pwochen destinasyon w,**
- **ak nan ki jou w espere kominike ankò.**

Nan ka yon ijans, sa pral fasilite rechèch ou. Si w pa rive pale avèk yo, ou ka voye yon mesaj vokal.

2 **Sonje ke en kèk obèj oswa pwen la Kwa Wouj ofri entènèt, apèl gratis ak kote pou chaje batri.** Pwofite sèvi ak sèvis sa yo pou kontakte fanmi oswa zanmi, sitou avan w travèse fwontyè a.

3 Si w ap vwayaje ak yon gwoup ou fè konfyans, **mete w dakò avèk yo sou sa ki dwe fèt si w pèdi kontak avèk yo pandan vwayaj la.** Sonje fason pou w reponn nan sitiyasyon danje tankou kisa pou w fè si yon moun nan detansyon, disparèt, sibi yon aksidan oswa mouri. Sonje ke w gendwa chache èd nan yon obèj oswa nan Kwa Wouj. Y ap ede pou yon fanmi pa rete san nouvèl sou moun yo renmen.



4 Eseye itilize telefòn selilè moun ou fè konfyans sèlman. **Si w itilize telefòn moun ou pa konnen, efase nimewo a nan istorik telefòn nan lè w fin fè apèl la.**

5 **Eten telefòn selilè w epi mete l sou mòd avyon pou konsève batri a, puiske w ap fè trajè long kote w p ap ka chaje li.** Anvizaje pote yon batri pòtab. Jis fè apèl ki nesesè yo epi konsève li nan yon sachè plastik.

6 **Si w ap vwayaje ak yon timoun oswa adolesan, asire w ke yo memorize enfòmasyon pèsonèl ak nimewo telefòn ou.** Etabli yon plan pou swiv nan ka ou pèdi kontak.

Si yo twò piti pou aprann enfòmasyon w yo, asire w ke w vwayaje ak yon kat ki gen enfòmasyon w sou li. Sa ap ede w reyini avèk yo nan ka ta gen yon separasyon.



7 **Memorize omwen 3 nimewo telefòn moun ou fè konfyans, ki gen ladan kòd entènasyonal yo.**

## Veye sante ou

1 Si ou gen yon maladi kwonik tankou dyabèt, tansyon wo oswa VIH, **vwayaje ak medikaman ou yo ansanm ak preskripsyon yo.** Aprann non yo epi pa neglije tretman ou.

**Si w ap sèvi ak metòd pou evite gwosès, pote yo avèk ou.**



2 Nan lopital oswa sant sante piblik yo, **ou genyen dwa resevwa atansyon medikal ijans gratis. Apre konsiltasyon medikal ou a mande enfòmasyon sou eta sante w epi mande yon rapò medikal.** Epitou chache Kwa Wouj pou asistans.

3 Gen enfòmasyon sou gwoup sangen w epi pote l avè w.

4 **Nan ka ke yo te arete w, enfòme otorite yo si ou gen nenpòt maladi epi si ou bezwen nenpòt medikaman. Epitou pandan detansyon an ou ka mande atansyon medikal.** Sa gendwa ede lè w mansyone medikaman ke w bezwen yo ansanm ak preskripsyon yo.

5 **Bwè dlo souvan oswa idrate tèt ou ak solisyon salin, sitou si w ansent, sa ap evite ke w dezidrate.** Pa konsome dlo dòmi oswa tiyo. Pwoteje tèt ou kont solèy la ak chapo, kaskèt ak rad apwopriye.

6 Pote yon boutèy plastik pou w re-itilize: ou gendwa plen l nan pwen Kwa Wouj yo oswa nan pwen dlo trete yo.



7 Si ou gen sentòm tankou lafyèv, tous, doulè nan kò oswa detrès respiratwa ak dyare, ale imedyatman nan yon sant sante, kote asistans lan gratis.

8 Toujou sonje swiv twa mezi pou prevansyon maladi enfektyez: lave men w souvan, sèvi ak mask epi anti-moustik oswa manch long.

9 **Vwayaje ak kat vaksinasyon COVID-19 ak lòt maladi.**

10 **Pa mete chosèt oswa soulye mouye, yo ka lakòz zanpoud ak enfeksyon sou po.** Toujou vwayaje ak chosèt anplis ak sandal. Chosèt koton ak itilizasyon poud ede nan evite zanpoud.



11 **Ka vyolans seksyèl yo se ijans medikal epi yo bezwen atansyon imedyat. Ale nan yon sant sante nan premye 72 èdtan yo apre ensidan an ka sove lavi ou.** Kwa Wouj ka ede w nan deplasman an. Epitou w ka mande asistans sikolojik. Nimewo ijans lan nan Meksik ak Etazini se 911.

## Nan ka w ap vwayaje nan tren oswa machin

1 Evite moute nan tren an oswa machin machandiz si ou pa te manje, repoze oswa si ou anba enfliyans a alkòl, dwòg oswa medikaman ap detann, ou ta ka tonbe si dòmi pran w. **Antann ou ak kamarad ou yo ke youn apre lòt n ap repoze ak voye je youn sou lòt.**



2 Pa mare rad nan ren ou, li ka kwoke nan yon bagay e fè w fè aksidan. **Pa pote sachè oswa lòt bagay nan men w.**

3 Nan tren oswa nan machin kago li rekòmande pou vwayaje chita. Rete veyatif pandan w sou wout: gen branch, kab elektrik oswa tinèl ki kapab frape w epi lage w atè. Chita kote ou ka gen sipò pou kenbe.



4 Evite monte tren oswa machin kago ak timoun yo.

5 **Pa vwayaje nan machin oswa espas etwa** ak anpil moun kote w ka toufe. Si pa genyen ase espas ak vantilasyon pou sèvi ak transpò sa a.

6 Si yon enkoni ofri w transpò, evalye risk yo byen epi gade nan ki kalite machin. **Pa aksepte monte machin fèmen kote w pa ka desann poukont ou.**



## Nan ka w ap mache nan forè oswa dezè

1 **Nan kote ki gen klima cho ou ka jwenn bèt venime tankou eskòpyon, arenyen ak sèpan.** Lè bèt sa yo pike oswa mòde w sa ka debouche sou lanmò.

2 **Souke rad, soulye oswa valiz ou anvan ou itilize yo epi tcheke ki kote ou pral dòmi oswa chita pou evite pike oswa mòde.** Sèvi ak anti-moustik pou evite yo pike w.

3 Si yon bèt pike ou mòde ou, chèche atansyon medikal. Evite bouje pati ki blese a epi rense blesi a avèk dlo pwòp. Pa souse ni peze zòn ki afekte a: sa ap lakoz plis dega epi ogmante risk enfeksyon.



4 Gade ak kenbe tout dokiman w yo nan yon sachè plastik ki byen sere nan rad ou pou w pa pèdi oswa mouye yo.



5 **Rivyè yo pi pwofon parapò ak jan yo parèt la.** Travèse yo ak anpil rad oswa valiz gendwa diminye mobilite w. Genyen kouran ak toubiyon ki gendwa lakoz lanmò w.

6 **Nan dezè, tanperati yo ekstrèm:** anpil chalè pandan lajounen, anpil fredi lannwit. Sonje vwayaje ak anpil dlo trete ak solisyon salin pou evite dezidratasyon epi mete pantalon ak manch long epi kouvri tèt ou pou pwoteje tèt ou kont solèy la. Epitou pote rad cho, gan, yon flach, ak alimèt avèk ou.



## Ki jan pou rele nimewo telefòn fanmi ou ak ki kote pou yo rele nan ka ta gen yon ijans

**Pou rele Meksik nan kèk lòt peyi:**
Selilè oswa telefòn fiks: 00+ 52 + 10 chif nimewo telefòn nan

**Pou rele soti nan Meksik aletranje, dabò ou dwe konpoze 00 + kòd peyi a + kòd vil la + nimewo ou vle rele a.**

Gwatemala: 00502 + 8 chif
Ondiras: 00504 + 8 chif
Salvadò 00503 + 8 chif
Venezwela: 0058 + 10 chif
Ayiti: 00509 + 8 chif
Nicaragua: +505 + 8 dígitos

**Nimewo ijans lan nan Meksik ak Etazini se: 911**

**Komisyon Meksiken pou Èd pou Refijye (Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados, COMAR) nan vil Meksiko:** 55 5209 8800 ekst. 30147 epi nan Tapachula, Chiapas: 55 8055 9382 / 962 64 25 31 18 / 962 64 25 31 19.

**Konsila Ondiras nan Meksik: 55 5211 5747**

**Konsila Salvadò nan vil Meksiko:**
55 5281 5723 ekst. 206 / 55 5281 5725

**Si w se salvadoryen: ou ka rele fanmi ou gratis nan Meksik pou sa konpoze apati nenpòt telefòn: 800 74 76 117**

**Konsila Gwatemala nan vil Meksiko:** 55 5540 7520 ekst. 111, 112 / **Liy ijans:** 55 3699 2052

**Konsila Nicaragwa nan Meksik: 55 5540 5625**

**Konsila Venezwela nan Meksik: 55 5203 4233**

**Konsila Ayiti nan Meksik: 55 5557 2065 / 55 5580 2487**

**Komisyon Nasyonal Dwa Moun (Comisión Nacional de Derechos Humanos, CNDH) Nan Meksik: 800 715 2000**

**Enstiti Nasyonal Migrasyon an (Instituto Nacional de Migración, INM) nan Meksik: 800 00 46 264**

**Wo Komisyonè Nasyonzini pou Refijye yo (Alto Comisionado de Naciones Unidas para los Refugiados, ACNUR) nan Meksik: 800 226 8769 oswa 800 283 2718**

**Pou plis enfòmasyon oswa kontak, jwenn aksè ak aplikasyon RedSafe CICR.**

**Eskane kòd sa a ak kamera telefòn selilè ou epi telechaje mesaj yo sou telefòn ou.**

KONTNI - MENSAJ SWEN PÈSONÈL

CR

© 2015.0083/003 07.2021



Cruz Roja Española | IFRC | CICR